Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 30 (98935) 6 август 2021 с. /Рузман 27 Зуль-хIиджа 1442 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## РАСПОРЯЖЕНИЕ

«02» август 2021 г. №362

### Об организации проведения профилактических прививок

На основании Постановления Главного государственного врача по Республике Дагестан, Павлова Николая Николаевича №37 от 21.07.2021 г., подпункта 6 пункта 1 статьи 51 Федерального закона от 30 марта 1999 г. №52-ФЗ **«О санитарно - эпидемиологическом благополучии населения»,** пункта 2 статьи 10 Федерального закона от 17 сентября 1998 г. №157-03 «Об иммунопрофилактике инфекционных болезней»; пункта 18.3 СП 3.1 3.2.3 146-13 **«Общие требования по профилактике инфекционных и паразитарных болезней»**, приказа Минздрава России от 21 марта 2014 г. №125н **«Об утверждении национального календаря профилактических прививок и календаря профилактических прививок по эпидемическим показаниям»,** в целях недопущения распространения новой коронавирусной инфекции:

1. Муниципальным служащим, замещающим должности муниципальной службы Администрации МР «Казбековский район» Республики Дагестан, обеспечить проведение профилактических прививок по эпидемическим показаниям против новой коронавирусной инфекции (C0VID-19);

2. В срок до 09.08.2021 г. организовать проведение профилактических прививок первым компонентом или однокомпонентной вакциной, а в срок до 30.08.2021г. - вторым компонентом вакцины от новой коронавирусной инфекции, прошедшей государственную регистрацию в Российской Федерации;

3. В срок до 01.09.2021 г. представить в Администрацию МР сведения (сертификаты) о прохождении вакцинации (необходимо обеспечить уровень коллективного иммунитета не менее 80% от списочного состава коллектива);

4. В срок до 10.08.2021 г. предоставить сведения о противопоказаниях к прививке (не привитые, имеющие медицинские противопоказания и прочие должны составлять не более 20% от списочного состава работающих).

5. На основании пункта 2 статьи 5 Федерального закона от 17.07.1998 г. №157-ФЗ **«Об иммунопрофилактике инфекционных болезней»,** абзаца восьмого части первой статьи 76 Трудового кодекса Российской Федерации отсутствие профилактических прививок влечет:

- запрет для граждан на выезд в страны, пребывание в которых в соответствии с международными медико-санитарными правилами либо международными договорами Российской Федерации требует конкретных профилактических прививок;

- временный отказ в приеме граждан в образовательные организации и оздоровительные учреждения в случае возникновения массовых инфекционных заболеваний или при угрозе возникновения эпидемий;

- отказ в приеме граждан на работы или отстранение граждан от работ, выполнение которых связано с высоким риском заболевания инфекционными болезнями.

6. Ответственным лицом за организацию прохождения вакцинации и сбор информации о прохождении вакцинации по администрации МР «Казбековский район» назначается руководитель аппарата администрации, Базаев Адукав Пашаевич.

7. В случае отсутствия документального подтверждения прохождения работником вакцинации к установленному сроку издать распоряжение об отстранении работника без сохранения заработной платы в случае отказа работника пройти вакцинацию без уважительной причины (при отсутствии сведений противопоказаниях к вакцинации).

Основание абзац восьмой части первой статьи 76 Трудового кодекса Российской Федерации, пункт 2 статьи 5 Федерального закона от 17 сентября 1998 г. №157 **«Об иммунопрофилактике инфекционных болезней».**

8. Ознакомить всех работников, подлежащих вакцинации, с данным распоряжением под роспись.

9. Всем подведомственным учреждениям и организациям Администрации МР «Казбековский район» и администрациям поселений Казбековского района представить до 3 августа 2021 г. копии соответствующих приказов, утвержденных с учетом рекомендаций Минтруда России и Роспотребнадзора, доведенных 27 июля 2021г. РК №01-14-09-1723/21.

**И.о. главы администрации МР «Казбековский район»**
**И. ШАБАЗОВ**

## Коронавирусалда хурхун…

Нилъеда лъикI лъала коронавирус унти баккаралдаса (тIолабго дунялалда) гьелде дандчIеялъе киса- кирего тIоритIарал ва тIоритIулел ругел тадбирал, амма гьеб къезабизе яги тIубанго тIагIинабизе кIолеб гьечIо. Гьелъие гIиллалъун рикIкIунеб буго, квачалъул унтабазул микробалго гIадин, гьелъулалги батIи -батIиял «къагIидабазда» цIилъулел рукIин ва гьелъул «къуват» гучлъулеб букIин. Гьеб унтиялде дандечIеялъе къагIидаби цIунейин абурабги гIадамаз гIемерго гIадахъ босулеб гьечIо. Гьелъ, зама -заманалда, коронавирусалъ унтаразул къадар цIакъ хехго цIикIкIунеб буго.

Нилъ киналго нугIзаллъун руго батIи -батIиял пачалихъазда, цо чанго цIаралда гъоркь, коронавирус тIибитIизе биччангутIиялъе вакцинаби раккиялъе ва гьелда сверухъ бахъараб ва гьабсагIаталда бугеб ахIи -хIуралъе.




ПезегIанго гIалимзабаз, тохтурзабаз ва цогидазги абулеб буго унти къезабиялъе, вакцинация гьаби гуреб, цоги батIияб нух гьечIилан. Гьезул пикруялда рекъон, дунялалда тIад ругел гIадамазул 70 проценталъвакцинация гьабун гурони, гьеб къезабизе кIолеб гьечIо.

Узухъда, руго, кинаб букIаниги цIи баккарабщиналъул рахъ кколелги гьелде данде чIолелги, гьедин букIиналъе гIиллаби ричIчIинеги захIмат букIуна. Гьай-гьай, хасго цIи раккарал дарабазда сверухъ гIадамазул рукIунел пикрабиги батIи-батIиял рукIинчIого рес гьечIо, щай гурелъул, инсанасе хирияблъун жиндирго сахлъи кколелъул. Нилъее бальголъи гуро коронавирусалде дандечIеялъе вакцинация тIобитIиялда, жибго вакцинаялда сверухъ унеб бугеб бахIс.

Гьелде данде чIараз абулеб буго вакцина, халатккун, хIалбихьиялда букIараб гурин, гьелъ чорхое зарал гуреб кьоларин, сахлъизаруларин, гьелъул гIаксалда, чорхолъ ругел «рахчарал» унтабазул «къуват» цIикIкIинабулин ва гьелдалъун гIадамал холин. Дир пикруялда, дагьабниги къадаралъ, ритIаралльун дида вакцинаялъул рахъ ккуралги гьелде данде чIаралги рихьула. Гьедин букIинчIого ресги гьечIо, щай абуни, гьанжелъизегIан нилъеца хIалтIизарулел ругел дарабальги гьечIо нилъер чорхое цого пайдаялъе унел. Кинал рукIаниги дарабазда цадахъ ругел кагътазда хъван букIуна гьезул лъикIалги квешалги рахъал.

Цого дару цоязе данде ккола, цогияз гьеб бегьуларо. Инсанияталъ жеги цониги дару ургъун гьечIо тIолазего рекъолеб. Гьедин букIинеги бегьилаан киназулго черхал цого «къагIидаялъ» гIуцIун ругелани.

Коронавирусалде дандечIеялъе раккарал вакцинабиги руго батIи -батIиял, гьез кьолеб хIасилги батIи -батIияб букIинарищ!

Вакцинация гьабиялде данде чIараз гIемер рехсолеб буго, дунялалда гIадамазул къадар цIакъго цIикIкIунеб букIиналде балагьун ва гьеб дагьлъизаби мурадалда «ургъараб» унти бугин коронавирус ва гьелде данде гьабулеб вакцинация кколин халкъ жидеего мутIигIаблъун лъугьиналъе гьабулеб ишлъун. Гьел пикраби рацIцIадаллъун ва цIубараллъун кколин абизеги дида кIоларо.

Унгоги, гьедин гьеб батани, щайдай гIемерал гIадамаз, жалго разилъун, вакцинация гьабулеб бугеб? Вакцинация гьабизе бокьаразда ва гьеб гьабулезда гьоркьор руго цIар рагIарал гIалимзаби, политикал, жалго тохтурзаби,мугIалимзаби, спортсменал ва гь.ц. Гьел киналго жалго хвезе ва лъиялиго мутIигIлъизе бокьун уколал гьаризе разилъараллъун кколилан абиги буго тIубараб гIабдаллъи.

Лъала, цодагьалъгIаги рехсараб унтиялде данде чIезе вакцинация тун батIияб нух гьечIебълъи. Унтиялъ «асирлъуде» росун рукIараз жидерго букIараб ахIвал-хIалалъул бицунеб мехалда ракI гъанцIула.

**(Ахир хадусеб гьумералда)**

**Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула**

*гьум. 2* Инженер ГIали

*гьум.3* Дун захIмалъабазе къуркьичIо

*гьум.4* «Бакъ» лагералда спартакиада

(Байбихьи цебесеб гьумералда)

Араб соналъ коронавирус тIибитIизе байбихьаралдаса, тIолабго дунялалда гьелъ унтаразул къадар 198 млн.чиясдаса цIикIкIун буго, хун вуго 39 млн. 470 азар. 35 ва сахлъун - 180 млн.127 азар. 894 чи.

Россиялда унтаразул къадар бахун буго 6 млн. 330 азар. чиясде, хун вуго 160 азарго ва сахлъун 5 млн.590 азарго чи. Дагъистаналда 42315 чи унтун, 37 717 чи сахлъун ва 1788 чи хун вуго.

Нилъер районалда гьеб унтиялъ унтаразул къадар бахун буго 1054 чиясде, сахлъун вуго 1052 чи, ва хун - 2 чи. Унтаразул бищунго цIикIкIараб къадар буго - Америкаялда (США), Индиялда ва Бразилиялда. Щай гьеб гьел пачалихъазда цIикIкIараб?

Информациялъул алатаздасан нилъеда лъала гьел пачалихъазул гIадамаз коронавирусалде дандечIеялъе рихьизарияв цIунулел рукIинчIеблъи (гьенир маскаби, квердаххелал, антисептикал, дагьаз гурони хIалтIизарулароан, батIи- батIияв ва цIикIкIараб къадар гIадамазул гIахьаллъулел данделъаби ва гь. ц. тIоритIулаан).

Нилъер районалдаги рехсараб унтиялде дандечIеялъе рихьизарияв гIемераз цIунулел гьечIо. «Щай гьел цIунуларел»,- ан цIехедал, гьез абулеб буго:

«Аллагьас хъвараб ккела»,- ян. Амма нилъеда кIочонеб буго: «Нужеего гIамал гьабе»,- ян Аллагьас абун бугилан абулеб букIинги. Гьаб заманалда, тIадбан, унеб буго нилъер районалда вакцинация гьаби. Гьеб рахьалъ кин ва щиб гьабизе кколебали хъван буго гьанибго рехсараб распоряжениялда.

3 августалда нижехъе рачIарал баяназда рекъон, нилъер районалда вакцинация гьабуразул къадар 3000 чиясдаса цIикIкIун буго. Вакцинация гьабиялъе бачIун буго «Спутник Лайт» вакцина. Биценалда рекъон, гьелъул цо укол гьабуни, гIолебги буго.



4 августалда районалъул бетIерасул ишал тIуралев И.И. Шабазовасул нухмалъиялда тIобитIараб данделъиялдаги бицен ккана лъайкьеялъул учреждениябазул цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул ва гьезул хIалтIухъабаз вакцинация гьабиялъул хIакъалъулъ.

Лъайкьеялъул Управлениялъул начальник М-р. МахIамаевасул рагIабазда рекъон, районалъул киналниги учреждениеяби цIияб цIалул соналде тIубанго хIадурлъун руго. Гьес абуна: *«Хасаб халкквеялда буго Гуни росдал гимназия, щай абуни, гьениб, «I00 школа» проекталда бихьизабухъе, капиталияб ремонт гьабулеб буго. РакIалда буго гьеб августалъул ахиралде лъугIизабизе»*,-ян. Лъималгун хIалтIулел рукIин хIисабалдеги босун, лъайкьеялъул учреждениябазда хIалтIулезда тIадаблъун гьабуна вакцинация гьабизе. Нагагьлъун гьеб гьабичIел хIалтIуде риччачIого тезе ихтияр кьун буго.

Данделъиялъул хIасил гьабулеб кIалъаялда И.И. Шабазовас школазул директорзабазда ва лъималазул ахазе нухмалъулезда тIадкъана вакцинация гьабиялъул суал хасаб халкквеялде босизе.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

*ДАССРалъе - 100 сон*

# «Миллияб азбар-къоно» проект



Гьединаб цIаралда гъоркь, Дагъистаналъул бетIерасул ишал тIуралев С. Меликовасул бихьизабиялда рекъон, нилъер республикаялда миллатазда гъоркьор бухьенал щулалъизариялъул, цоцазул культура, гIадатал ва гь. ц. лъазариялъул мурадалда, проект тIобитIулеб буго.

1 сентябралда Дагъистаналъул пачалихъияб педагогическияб университеталда тIобитIизе буго гьелда хурхараб тадбир. Гьенир гIахьаллъулез рихьизаризе ккола жиде-жидер бакIазда ругел ва гIадамазда гьоркьор машгьурал, берцинал, рихьизе бокьулел бакIазул макетал. Нилъер гьанир гьединаллъун ккола Сулахъалъул кIкIал, тIанкIахарал ритIучIал, МичIчIикIкIал ва гь. ц.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъизе хIадурлъиялъул Совет нилъер районалдаги гIуцIун буго. Гьелъул данделъи тIобитIана 4 августалда районалъул администрациялда. Проекталда хурхарал суалазул хал гьабун хадусан, Советалъул членаз жидедаго гьоркьор рикьана тадбир гIуцIиялда тIобитIиялъул суалал. Гьеб Советалъул хадусеб данделъиялда, мухIкан гьарун, щивав членасе кьезе руго тIадкъаял.

**Пресслужба**

# Ахиралде щвана



2 августалда росдал магIишатаз УСХялде рачIарал баяназда рекъон, хаслихъе культураби (ролъ, пурчIина)ракIариялъул кампания ахиралде щвана.

Районалъул магIишатаз ролъ бекьун букIана 1350 гектаралда. БакIарараб ролъул къадар бахун буго 3781 тоннаялде.(гьоркьохъеб хIисабалда, 1 гектаралдаса бакIарун буго 28 центнер).

Гьеб рахьалъ цебесеб кьерда руго «Гьудуллъи», «БагIараб Октябрь» ва «Их» СП-Кял. ПурчIина бекьун букIана кинабниги 380 гектаралда. Гьениса бакIарун буго 780 тонна. (гьоркьохъеб хIисабалда, 1 гаялдаса бакIарун буго 20,5 центнер).

«Гьудуллъи» СПКялъ пурч1инадул бакIарун буго 280 т., «ЦIияб гIумру»-120 т. ва «БагIараб Октябрь»-380 т.

ГьабсагIаталда, тIадбан, унеб буго бачIунеб соналде хаслихъе культураби рекьиялъе ракь хIадур гьабиялъул кампания.

**ГI. ГIАБДУЛМУСЛИМОВ, УСХялъул бетIерав агроном**

*8 август – бакIал ралесул Къо!*

# Инженер ГIали



Умумулъанго бачIараб бицен буго бихьинчиясда тIадаб бугин гъветI чIезе, ркъ базе ва вас гIезавизе. Гьедин бугониги, инсанас, тIоцебесеб иргаялда, тIаса бищула жиндирго гIумрудул нух ва гьес хIаракат бахъула гьелъулъ мустахIикъаб бакI кквезе.

Гьединазул цоявлъун ккола Дилим росулъа ГIали ГIабдулаевич Сагитов. Гьев гьавуна 1937 соналъ гIадатияб хъизаналда.

1959 соналъ ГIали лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул бакIал раялъул факультеталде. 1965 соналъ гьесие щвана инженерасул махщел ва гьев гьебго соналъ захIматалъул нухде лъугьана. Гьес Хасавюрт шагьаралъул «ПМК-I02» гIуцIиялда мастерлъи ва прораблъи гьабуна.

ГIали (1971-1972 сс.) «Ремстрой» участокалъул начальниклъун хIалтIана. Хадув гьев райисполкомалъул председателасул заместительлъун вищана. 1974-1977 соназ ГIали «ПМК-13» гIуцIиялъул бетIерав инженерлъун, гьединго, «ПМК-782»-ялда прораблъун ва ПУЖКХялъул начальниклъун хIалтIана.

1986-2003 соназ ГIалица районалъул бетIерав архитекторасул хIалтIи гьабуна. Кивехун хIалтIизе кканиги, ГIалица живго вихьизавуна лъай бугев, махщел цIикIкIарав инженерлъун.

ЧIахIияб гIелалда ракIалда батила (1967-1968 сс.) Дилим росулъ цIияб школа балеб заманалда ГIали прораблъун хIалтIулев вукIараб заман. Кидаго берцинго ретIа-къарав, тIоцебе районалда инженер - строителасул тIадегIанаб лъай щварав гьесие росуцоя3 «Инженер ГIали»,- ян цIар кьун букIана. Дилим росдал школа гуребги, ГIалил нухмалъиялда, гIезегIанго бакIал рана ва гьабсагIаталдаги гьел ругизеги руго. Гьеб букIана ГIали райисполкомалъул председателасул заместительлъун хIалтIулеб заман.

1970 соналъул I4 маялда ккараб ракьбагъариялъул хIасилалда, рихханa гIезегIанго гIуцIабазул минаби. Гьай-гьай, хIажат букIана къокъаб заманалда гьел цIигьаризе. Гьелълъ кIудияб бутIа ГIалицаги лъуна.

Районалъул бетIерав архитекторасул хъулухъалда вукIаго, ГIалица гIемераб хIалтIи гьабуна районалде тIабигIияб газ бачиналда, гьелъие проектазе хIажатаб документация бакIариялда, районалъул росабазул «гьумер» лъикIаб рахъалде хисизабиялда ва гьенир минаби раялда тIад. ГIали вукIана эхетун лъугIарал объектал хIалтIизе риччаялъе гIуцIараб пачалихъияб комиссиязул членлъунги.

1993 соналъ, ГIалил жигарчилъиялда, нилъер районалда проектал гьарулеб бюро гIуцIана. Гьеб бюроялъ Дилим, Ленинаул, Калининаул росабалъе лъим бачиналъе проекталги гьаруна.

Киналдего кIвар кьолев, махсаро –хочI гIемерав, адаб - хатир бугев, жиндирго гьабулеб хIалтIудехун тIалабчилъи цIикIкIарав ГIалил гIадамаз хIурмат гьабулаан. ГIемерал соназ гьабураб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ ГIали цо чанго нухалда кIодо гьавуна бакIал раялъул министерствоялъул, райисполкомалъул ХIурматалъул грамотабаздалъун ва Баркалаялъул кагътаздалъун.

1990 соналъ ГIали «ЗахIматалъул ветеран» медалалъе мустахIикълъана. ГIали мисалияб хъизаналъул бетIерлъунги ккола. Лъади Сиядатгун цадахъ, гьез гIумрудул нухда тIойитIана ункъо яс.

**И. ИДРИСОВ**

*ДАССРалъе - 100 сон!*

# ХалкъалъуI тIалабалда...



Хъиндаллъиялъул тIалъиялда ва мугIрузул ахалъи ялда бугеб машгъураб Миякьо росулъ 1897 соналъ Пусманил ва Аминатил хъизаналда гьавуна районалъул тарихалда мустахIикъаб бакI ккурав Пабдулкъадир ХIажиев. Гьесул щуго сон тIубалалде, эмен хвана. Эбелалъ Пабдулкъадир росдал мадрасалде цIализе кьуна. Гьев нугIлъун лъугьана доб заманалда бижараб классовияб рикьиялъе, гьесда кIиябго гIасруялъул батIалъи бичIчIана.

Заманалъ гьев Салатавиялъул гIолилазул багъа-бачариялъул гьварилъуде вачана. П. ХIажиев кивго цебесеб кьердаги вукIунаан.1924 соналъ гьев РКСМалъул мухъилъе лъугьана. 1925-1926 соназ гьес хъулухъ гьабуна МахIачхъала шагьаралда букIараб Дагъистаналъул рекIаразул миллияб эскадроналда ва хадусан (цо соналъ) Хасавюрт шагьаралъул районалъул милициялда хIалтIана. ВЛКСМалъул Хасавюрт шагьаралъул окружкомалъул хIукмуялдалъун, 1927 соналъ гьев Дербент шагьаралъул партиялъулаб школалде цIализе витIана.

1931 соналъ, лъикIал къиматаздалъун, цIалул курсги лъугIизабун, Пабдулкъадир ЧIарада районалъул ВКП(б) - ялъул райкомалъул идеологияб отделалъе нухмалъи гьабизе витIана. Гьениб Пабдулкъадирида лъана классовиял данде- ккунгутIабазул балъголъаби, коллективиял магIишатал гIуцIиялъулъ ричалел гъа латIал ва бихьана бакIалъул хаслъабазул ресаздаса пайда босулеб гьечIеблъи. Гьелъ, 1931 соналъул июналда Пабдулкъадир ЧIарада районалъул колхозазул ва гьел гIуцIиялъул Союзалъул председательлъун тIамуна. ЧIарадисезул чIахIияб гIелалда ракIалда батила колхозал гIуцIиялъулъ лебалав салатавиялъулас бихьизабураб жигар, кIвахIгьечIеб хIаракат. Амма жибго Салатавиялда колхозал гIуцIия- лъулъ кколел рукIана цо-цоял разилъуларел хIасилал, дандчIвалел рукIана гIемерал захIмалъаби.

1932-1933 соназ гьес нилъер районалъул щибаб росулъе анцI-анцI гIуцIиялъулал сапарал гьаруна. Лебалав ва бажари бугев гьев цо бакIалда гIемер хутIичIо.

Республикаялъе нухмалъулез Пабдулкъадир витIана Москваялда бук1араб росдал магIишаталъул Полгосоюзалъулаб коммунистияб университеталда цIализе. Гьебги лъугIизабун, Пабдулкъадир тIамуна Казбек райкомалъул ракьазул отделалъе (РайЗО) нухмалъи гьабизе. Гьенир щварал церетIеязухъги балагьун 1939 соналъул августалда, Пабдулкъадир ВКП(б)ялъул Казбек районалъул тIоцевесев секретарьлъун вищана. Доб заманалъул хIалуциналъул бицине ккеларо. Байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. Пабдулкъадир, хIалхьи гьабичIого, фронт хIажатабщиналдалъун хьезабиялда тIад хIалтIана. Гьедин бук1ана 1943 соналъул январалде щвезегIан.

Пабдулкъадир республикаялъул районазе нухмалъулезда гьоркьоб къанагIат гурони щвечIеб кIиабилеб даражаялъул «ВатIанияб рагъ» орденалдалъун кIодо гьавуна. Гьев 1943 соналъул маялда цIигIуцIараб Хъумторхъала райкомалъул отделалъе нухмалъулевлъун витIуна. Хадусан гьев гьенив кIиабилев секретарь- лъуни хIалтIана. Цинги Хъумторхъала районалъул райисполкомалъул председательлъун тIамуна. Дагъистаналъул ВКП(б)-ялъул обкомалъе ва республикаялъул хIукуматалъе нухмалъулезда бихьана Пабдулкъадирил нухмалъиялъе бугеб бажари.

1947-1948 соназ гьес бергьенлъиялда лъугIизаруна Дагъистаналъул росдал магIишаталъул институталда цере гIуцIарал МТСазул директорзаби хIадур гьарулел курсал. Гьел лъугIизарун хадуб (цо соналъ), гьев Ведено росулъ МТСалъул директорлъун хIалтIула.

1950-1955 соназ Пабдулкъадир Казбек райисполкомалъул колхозазда ралел бакIазул ва росдал магIишаталъул отделазе нухмалъулевлъун хIалтIана. Партиялъ ва хIукуматалъ ахIи бараб заманалда, нахъе ккарал колхозазе нухмалъи гьабизе бажари ва хIалбихьи бугел нухмалъулел ритIулел рукIана. Гьелда рекъон, гьев Миякьо росдал «Щуго сонилаб план - ункъо соналде» колхозалъул председательлъун вищана.

1959 соналда хIалхьиялде унев Пабдулкъадирица гьеб колхоз - миллионерлъунги бахъинабун тана.

**М. ДАДАЕВ,**
**«ХалкъалъуI тIалабалда» тIехьалдаса босараб**

# Гьадин букIана

«Чапар» газеталъул штаталда гьечIев мухбир, Хубар росулъа МухIамадрасул ЛабазанхIажиевас нижехъе хъвалеб буго: «Араб гIасруялъул 60-абилел соназ росдал «Карл Маркс» абураб цIаралда букIараб колхозалъул председательлъун КъурахIма Дадаев хIалтIулев вукIана.

ГъутаналдахIалтIулел рукIарал трактористал цо нухалда росулъе тIадруссана. Гьел тIадруссиналъе гIиллалъун букIана щолеб мухьалда гьел рази гьечIолъи.

ЦIех-рех гьабураб заманалда, гьеб батана колхозалъул бухгалтерас гьоркь ккун, бухгалтерасулги председателасулги мухьалдасан гьеб цIикIкIине бегьуларинги абун. Гьеб сабаблъун, КъурахIмаца бухгалтерасе бадичIвайги гьабуна.

Гьоркьоб заман иналде КъурахIма гъутаналда бугеб магIишаталъул хал гьабизе вачIана. Гьениб букIараб «ДТ-54» тракторги бихьизабун, гьес дида абуна гьеб хурул рагIалда лъейилан. Дица гьес абухъе гьабуна, тракторги бачун, КъурахIмаги ана. 2-3 сагIаталъ трактоpалдаги хIалтIун, хIурулъан вахъарав гьес дида абуна гъуталда вугев учетчикас хъвараб мухь, кигIан къадаралъул букIаниги, трактористазе кьезе кколан. Гьелъ трактористазул хIалтIуде гьира цIикIкIинабула ва гьез хIалтIи кIвахIтун, гьабула»,-ян.

Гьеб мисалалъ бихьизабула доб заманалда мухъилав хIалтIухъанасде нухмалъулесул кинаб бербалагьи букIарабали»,-ян.

**МухIамадрасул ЛАБАЗАНХIАЖИЕВ,**
**Хубар росу.**

*Инсан ва гIумру*

# Дун захIмалъабазе къуркьичIо



«Чапар» газеталда дида гIемер рихьулаан Дилим росулъа МухIамадзагьир Мациевас, гIумруялда, диналда хурхун, хъварал макъалаби, гьединго, назмаби ва кучIдул. Гьел рукIунаан гIезегIанго магIна бугел, халкьиял абиял, бицанкIаби ва цогидалги гIакъилал рагIаби гьоркьор рехсарал макъалабигун кучIдул. Дир къотIи ккана гьевгун дандчIвазе.

Гьев вугоан гIезегIанго сонал гIумрудул ругев, амма жеги роцIараб гIакълуялда ва чорхол сахлъиялда вугев чи. Лъай-хъвай гьабун хадуса, дандчIваялъе букIараб мурад бициндал, гьесул гьурмаде цин рохалил, цинги пашманлъиялъул рукIкIалаби рехана. Гьелдасан бичIчIунеб букIана гьесул гIумруялъулъ рукIарал «хъахIал» мухъаздаса «чIегIерал» мухъал цIикIкIун рукIараблъи. Гьикъа-бакъиял гьарун хадуб, дица гьесда гьарана жиндирго гIумруялъул хIакъалъулъ бициян.

Угьун хIухьелги биччан, МухIамадзагьирица бицана: *«СалихI, гIумруялъул хIакъалъулъ бицен ккараб цIикIкIунисеб заманалда диде ракIалде щола ЦIадаса ХIамзатил «Микьабилеб марталъ кIодоца ахIараб кечI»*- алдаса гьал мухъал.

**Нижеда бихьичIеб чIегIераб-хъахIаб,**
**Щибго жо хутIичIо, хвел тун батIияб.**

*Гьелъухъего, гьай- гьай, дир гIумруялъулъги рукIана «чIегIералгун хъахIал му- хъал»,-чIегIерал мухъазул къадар цIикIкIун букIанинги ккола»,-ян.*

Жиндирго пикраби тартибалда сокIкIунел кинниги, цодагьаб заманалъ вуцIцIунги чIун, гIодобе биччараб ва хIеренаб гьаракьалдалъун, МухIамадзагьирица бицана:

«Дун гьавун вуго 1928 соналъ. ГьитIинго бесдаллъуде ккарав дица 12 сон баралдаса «захIматалъул рукь» горбода лъуна. Узухъда, доб заман букIана яшав гьабизе захIматаб, цIикIкIунисел язихълъиялда ругеб. РакIчIун абизе кIола дир, кинаб бугониги, лъимерлъи букIинчIин. ЗахIматалъул нухде дица гали тIамуна вехьлъиялдасан, гьединго, колхозалда хIалтIиялдасан. Гьанжени яшав гьабизе бигьалъулеб бугин ракIалде ккараб заманалда байбихьана КIудияб ВатIанияб рагъ. БитIун завалалда рукIарал бихьиналги рагъде ун, магIишаталъул кинабго хIалтIи херазул, руччабазул ва лъималазул кIигъуждузда тIад бегана. Къаси- къад хIалхьи гьабичIого, хIалтIана гIадамал фронт хIажатабщиналдалъун хьезабиялда тIад. Бажарараб хIалтIи гьабулеб букIана жеги балугълъиялде рахинчIел нижецаги.

Колхозалъул правлениялъ кинаб хIалтIи тIад къаниги, нижеца гьеб тIубазабулаан. Ниж ккана Шамхалалда хандакъалгун каналал рухъулелъуреги. Гьел соназ бихьараб гIакъуба-къварилъиялъул бицун лъугIунаро. КIудияб Бергьенлъи босун хадуса, ракъи байбихьана. Нилъер гIезегIанго гIадамал гьел соназ хвезеги хвана.

Дагь-дагьккун гIадамазул гIумру рукIалиде ккезе байбихьана. ПезегIан соназ дун колхозалда хIалтIана. ВукIана найихъанлъун, прицепщиклъун (дол соназ гьединаб хIалтIиги букIана), къокъгьабун абуни, мухъилав колхозникlъун. Хадусан дун ЧIикIаб ГЭС балеб бакIалде ккана. Гьенив дун хIалтIана бульдозеристлъунги токил монтёрлъунги. Цинги дун хIалтIана Хасавюрт шагьаралъул электросеталда, Дилималда ЦРБялъул электриклъун. 43 сон гIумруялъул кьуна дица батIи-батIиял хIалтIаби гьариялъе. Нахъа тараб гIумрудул нухалъул хал гьабидал, дида бичIчIана, Аллагьас дун гIемерал балагьал лъугьа-бахъиназдаса цIунун вукIараблъи (дица хIисаб гьабураб заманалда, гьезул къадар 47 - гоялде бахана. Дица нахъа тараб нухда гIемераб чед-цIам кванана, ва дун БетIергьанас ризкъи камун течIо. Даимаб рецц Аллагьасе! Кинабниги хIалтIи дие гьабизе бокьулаан рагIа-ракьанде щун, ракIбацIцIад. Бажаруларeб иш дица тIадеги босуларoан.

Пачалихъалъул рахъалдасан шапакъатал камунги дун хутIичIо. ХIалхьияллде ун хадусан, гIолеб-гIел куцаялъе хIалтIизаризеги, гIадамазда лъан рукIиналъеги, цодагьаб пайдаяб лъалкI нахъе тезелъунги дица макъалаби, назмаби ва кучIдул хъвазе байбихьана (гьелъие Алллагьас, дагьаб букIаниги, пагьмуги дие кьун букIана). Гьел рахъана республикаялъул «ХIакъикъат», «Ассалам» ва нилъерго «Чапар» газетазда.

Гьединго, дица, гьитIинал ругониги, цо чанго тIехьги биччана. Гьелъие кумек гьабуна Калининаул росулъа Динуч Динаевас.

Ахирияб заманалда хъвадаригун цIали рехун тезе ккана. Дагьлъун буго канлъи, тIуртIудулел руго килщал. Щиб гьабилеб, гIумрудул сонал 90-ялдаса тIаде ана. Дун Алмахъалдаса вукIин лъарав М-загьирица абуна: «Пумрудул нухда Алмахъалдаса гIемерал гIадамалгун дун дандчIвана. Гьел руго ракI гIатIидал, аваданал, махсаро-хочI бугел ва хIалимал гIадамал. Гьезда гьоркьоса рахъана цIар рагIарал гIалимзаби, политикал, мугIалимзаби, тохтурзаби, спортсменал ва гьел гурел цогидалги»,-ян.

Гьаб заманалъул бицен ккедал, гьес абуна: «Гьай-гьай, гьаб заман буго гIадамазе гIезегIан гIатIилъаби щвараб, кванил нигIматалгун ретIел - хьит гьарзаяб, амма гIадамазул рухIияб рахъ тIеренлъараб. Къойидаса - къойиде цIикIкIунеб буго яхI-намус, гIаданлъи гьечIезул къадар, ришватчилъи, чIвай-хъвей ва гь. ц. хьвада-чIвадиялъул квешал рахъал. Гьедин букIунгутIиялда тIад гьабулеб хIалтIиги цIакъ дагьаб буго. Умумузул аби буго: «Падлу гьечIеб росулъ гIакIа гIемер ахIизе ккола»,- ян. ЧIахIиял хъулухъазда ругел бокьа-бокьараб гьабизе ричалел руго. Гьадин халатаб заманалъ букIани, пачалихъ цIуниялдацин хIинкъи буго»,-ян.

Цоги, киса-кирего нилъер гIадамал гIурус мацI бицунел рукIуна. Гьелдаги дун разилъуларо. Гьедин бугони, тIагIине буго нилъер миллатги. КигIан бицаниги ва хъваниги, нилъер гIадамаз гьеб гIадахъ гьабулебги гьечIо. Рахьдал мацI кIочараздакIоченародай умумул, гIагараб ракь ва ВатIан?

Гьедин хьвадиялъул лъикIаб ахир букIинин дида кинго абизе кIоларо. Аллагьас лъикIаб хъван батаги, гьабсагIат нилъеда хисизабизе кIолебги щибниги гьечIо».

**С. САЛИХIОВ, Гъизилюрт шагьар**

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района утверждено обвинительное заключение по уголовному делу в отношении должностного лица - старшины ОБ ППСП ОМВД России по нашему району.

Он обвиняется в совершении преступлений, предусмотренных ч. 3 ст. 159 (мошенничество, совершенное лицом с использованием своего служебного положения), ч.3 ст. 160 (растрата, то есть хищение чужого имущества, вверенного виновному, совершенная лицом с использованием своего служебного положения) и ч.1 ст.292 УК РФ (служебный подлог, то есть, внесение должностным лицом в официальные документы заведомо ложных сведений, совершенный из корыстной заинтересованности).

По версии обвинения он, в период с 01.01.2020 по 31.12.2020 года, внес в путевые документы сведения о фактическом использовании служебного автотранспорта, необоснованно списал на неэксплуатируемый служебный автотранспорт топливо марки АИ-92 в количестве 3934 литра на общую сумму 170 225 рублей, похищенным топливом распорядился по своему усмотрению.

Он же 09.12.2020 и 16.12.2020 подписал и передал на оплату акты выполненных работ на ремонт 2 автомашин «Урал» на общую сумму 82 390 рублей, на которых ремонтные работы фактически не проводились, а указанные в актах выполненных работ запасные части, узлы и агрегаты, не монтировались и были похищены. Введя в заблуждение сотрудников организации, осуществляющей комплексное обслуживание автотранспортных средств, денежные средства, перечисленные по представленным актам выполненных работ получены подозреваемым наличными и потрачены по своему усмотрению.

Причиненный ущерб в размере 252 615 рублей возмещен в полном объеме в ходе следствия.

Уголовное дело 30.07.2021 направлено в Казбековский районный суд для рассмотрения по существу.

*Спорт-инсанасул сахлъи*

## «Бакъ» лагералда - спартакиада

16 июлалда къватӀибе биччараб «Чапар» газеталда (№27, 8 гьум.) хъван букӀана лъималаз хӀалхьи гьабиялъе Ленинаул росдал №1 школалда цебе гӀуцӀараб лагералда спартакиада тӀобитӀиялъул хӀакъалъулъ.



Гьединабго тадбир тӀобитӀана 30 июлалда ИчкӀа росдал гьоркьохъеб школалда цебе гӀуцӀараб «Бакъ» лагералдаги. Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гӀолилазда гьоркьор ишал гьариялъул комитеталъул хӀаракаталдалъун тӀобитӀараб гьеб спортакиадаялда гӀахьаллъана - балугъалъиялде рахинчӀел гӀолилазда гьоркьор ишал гьариялъул комиссиялъул членал: И. Писаев ва М. Зубайриев, МДЮСШялъул директорасул заместитель Н. ГӀалиукъаев, росдал школалъул директор З. Аминова ва гь.ц.

Спартакиадаялда гӀахьаллъулез бихьизабизе кколаан рекериялъе (васазе - 60м., ясазе-30м.), чӀаралъусан кӀанцӀиялъе ва гьитӀинаб торгӀо рехиялъе бугеб жидерго махщел.

Абизе ккола, гьеб тадбиралъулъ лъималаз жигараб гӀахьаллъи гьабунин ва гьеб тӀобитӀиялдаса гьел цӀакъго роханин. Гьеб кинабго бихьулеб букӀана лъималазул жигарчилъиялъулъ ва гьезул хьвада - чӀвадиялъулъ.

Призалъулал бакӀал ккурал гьенир кӀодо гьаруна, спорткомитеталъул рахъалдасан, кубоказдалъун, медалаздалъун ва грамотабаздалъун. Гьединго, гьениб школалъе футбол хӀаялъе торгӀо кьуна.

**М. ИБРАГЬИМОВ, спорткомитеталъул специалист**

## Ургъизе заман букӀинчӀо

Лъала, хасго хинаб заманалда, балагьал лъугьа-бахьинал цӀикӀкӀунеллъи. Хасго гьединал, гӀумруялъе хӀинкъи бугел яги гьелдаса ратӀалъулел гьел ккола хӀорахъ, гӀурухъ, ралъдалъ ва гьел гурел гьединал цогидалги бакӀазда.

Гьедин ккеялъе, цӀикӀкӀунисеб заманалда, гӀиллабилъун рукӀуна рехсарал бакӀазда цӀунизе кколел къагӀидаби лъангутӀи яги цӀунунгутӀи. Бищунго захӀмалъула балагьазукье лъимал ккей ва гьел гӀумруялдаса ратӀалъулел рукӀин.

Дагьал церегӀан къояз Каспий ралъдахъ бугеб хӀухьбахьиялъул базаялда хӀухьбахъулев вукӀуна Калининаул росулъа Адам Халидов. Гьай-гьай, гьев ралъдахъеги унаан. Цо къоялъ гьалмагъгун цадахъ, ралъдахъе арав Адамида рагӀуна лъимер гъанкъулеб бугоян ахӀулел гьаркьал.

Гьесда ралъдалъ, цин тӀерхьунеб, цинги тӀаде рехулеб лъимер бихьула. Адам лъимер хвасар гьабизе вортула ва гьес гьеб ралъдалъа къватӀибе бахъула. Гьеб ишалъулъ щибниги кумек щвечӀев Адам рагӀалда гӀодов ккола. Ккараб гара-чӀвариялда Адамица абуна: *«Лъимадул гӀумруялъе кӀудияб хӀинкъи букӀана ва гьениб ургъизе заман букӀинчӀо. РакӀалде ккола лъимер гъанкъулеб букӀин бихьарал цогиязги гьединго гьабизе букӀанилан».*

ЦӀаралъеги реццалъеги мустахӀикъав вуго Адам ва гьев гӀезаврал Маратгун Малика Халидовал. Гьединал хӀинкъи гьечӀел, бахӀарчиял васаздалъун бечелъаги нилъер Салатавия.

**А. ДИБИРОВА**

*Инсан ва гӀумру*

## Баркула!

Нилъер районалъе нухмалъулез ва диниял идарабаз кӀудияб кӀвар кьолеб буго гӀолеб гӀелалъе патриотикиябгун рухӀияб тарбия кьеялъе. Тарбия кьеялда тӀад гьоркьобкъотӀи гьечӀеб хӀалтӀи гьабулеб буго лъайкьеялъул, культураялъул ва рухӀияб тарбия кьеялъул идарабаз (лъималазул ахал, школал ва мадрасал).

Гьелдаго цадахъ, лъай борхизаби мурадалда, гӀезегӀанаб къадар нилъер гӀолилазул цӀалулеб буго республикаялъул, Россиялъул ва гьел тун къватӀисел бакӀазул заведениябазда. Гьениб гьез бихьизабулеб буго лъикӀаб лъай босизе бажаригун махщел букӀин.



Дагьал церегӀан къояз нижехъе рохалилаб хабар щвана. Татарстаналда исламияб гӀелмуялъул магистрасул диссертация цӀунана Расул МухӀудиновас, МухӀамад Шираздиновас (Дилим) ва МахӀмуд Къудуевас (Ленинаул), гьезие «багӀарал» дипломалги щвана.

РакӀ-ракӀалъ баркула гьезда тӀадегӀанал цӀарал щвей, гьарула гьезие сахлъи, рохел ва гӀелму босиялъулъ жеги тӀадегӀанал бергьенлъаби.

**Гъудул-гьалмагъзабазул къокъа**

*Нилъ ва тӀабигӀат*

## ЦӀодорлъи гьабе!

**ХӀурматиял районцоял!**

«Чапар» газеталдасан ва цогидалги информациялъул массовиял алатаздасан нижеца, гьоркьобкъотӀи гьечӀого, лъазабулеб буго бакӀ-бакӀазда, багӀарараб заман букӀиналдеги балагьун, цӀа рекӀине бегьулеб букӀиналъул хӀакъалъулъ.

Бищунго цӀаккеялъе хӀинкъи бугеллъун ккола бакъвараб хер бугел гӀурдаллъаби, рохьал ва ришни-къул бакӀарараб бакӀал. ЦӀаккеялъ кьолеб заралалъул бицине дун лъугьинаро, гьелъул хӀакъалъулъ цебеги гӀемер лъазабун букӀана, амма бичӀчӀине ккола, цӀаккей цӀикӀкӀунисеб заманалда гӀадамазда бараблъун букӀунеблъи, гьединлъидал кирехун ругониги, нилъеда тӀадаб букӀин цӀаккеялдаса цӀуниялъул къагӀидаби хвезаризе бегьулареблъи.

Жидер гӀайибалдалъун цӀаккей биччарал гӀадамазда (мухъилал, жавабиял хъулухъазде ругел ва гь. ц.) тӀад гӀакӀа къотӀизе законалда бихьизабун буго. Гьел гӀакӀаби 2000 гъурущалдаса 200 азарго гъурщиде щвезегӀан гьоркьоблъиялдаги руго.

НагагьлЪун цӀа рекӀун букӀин нужеда бихьани, лъазабе гьал номераздасан: **«101» яги «112».**

**Т. ЧЕГУЕВ,**
**«ПЧ-42» гӀуцӀиялъул начальникасул заместитель**

## Объявление

Утерянный аттестат 05 ББ №0069453 об основном общем образовании, выданный Дубкинской средней школой в 2008 г. на имя **Шахрудиновой Хадижат Абдуразаковны,** считать недействительным.

Гъудул - гьалмагъзабаз, жий лъалез, гъваридаб пашманлъи ялда, зигара балеб буго Асият Назаевалда ва тӀолалго гӀага - божаразда, ***эбел***

**Муслимат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Аллагьас гьелъие Алжан насиб гьабеги.

**БетӀерав редактор:**
И.Б.Салимханов
**55-48-94**
**Заместитель:**
Д.ХӀ. ГӀабдулахӀитова
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГӀабдулашимов

**Мухбирзаби:**
Ибрагьим Идрисов,
Динара Батиева,
Асият Дибирова
**Набор:**
Меседо ХӀайбаева
**Верстка:**
Марьям АтавхӀажиева,
Зайнап ГӀабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес: 367032, РД МахӀачхъала шагьар Насрудиновасул къватӀ №61

Газета хӀадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00 ХӀакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул(издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Тираж 1205, багьа - эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хӀужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола